Administrasyon Sekirite Sosyal
Enfòmasyon Enpòtan

PREMYE PAJ LÈT SA A SE POU BAY ENFÒMASYON SÈLMAN.
PA RANPLI PAJ SA YO.
SA A SE PA YON APLIKASYON.

Dosye nou yo montre ou ka elijib pou resevwa èd siplemantè pou peye pou medikaman doktè preskri.

Byento, pra l genyen yon nouvo pwogram Medicare pou Medikaman Preskripsyon k ap anvigè. Nouvo pwogram nan ap ba ou yon chwa plan preskripsyon k ap ofri ou divès kalite pwoteksyon.

Ou ka anmezi pou resevwa èd siplemantè pou peye franchiz anyèl, prim ak kopeman ou ki asosye avèk nouvo pwogram Medicare pou Medikaman Preskripsyon – yon mwayèn $2,100 nan èd siplemantè.

Men, anvan nou ka ede ou, **ou dwe ranpli aplikasyon an, mete li nan anvlòp ou jwenn nan, epi poste li jodi a.** Oswa ou ka ranpli aplikasyon sou Entènèt nan **www.socialsecurity.gov** apati premye jiyè 2005. N ap revize aplikasyon an epi n ap voye yon lèt ba ou pou fè ou konnen si ou ranpli kondisyon pou resevwa èd siplemantè a. N ap voye ba ou tou enfòmasyon konsènan pwogram Medicare pou Medikaman Preskripsyon epi n ap fè ou konnen kisa ou ta dwe fè apre sa.

Si ou bezwen èd pou ou ranpli aplikasyon an, rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778)**. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan **www.socialsecurity.gov**.

Si ou bezwen enfòmasyon konsènan nouvo pwogram Preparasyon Medikaman Medicare, rele nan nimewo 1-800-MEDICARE (TTY 1-877-486-2048) oswa vizite **www.medicare.gov**.

Lè ou poste aplikasyon an jodi a, sa ap pèmèt nou fè ou konnen yon desizyon pi vit konsènan si ou kalifye pou resevwa èd siplemantè a.

Jo Anne B. Barnhart
Commissioner

Enstriksyon Jeneral pou Ranpli Aplikasyon pou Èd nan Medicare Pri Plan pou Medikaman Preskripsyon

Pou Ofri Plis Asistans pou ou ka Peye Depans Medikaman ou yo

YON NÒT ESPESYAL POU APLIKAN KI PALE KREYÒL:

Poutèt nou vle trete aplikasyon yo avèk tout rapidite ak efikasite posib, nou itilize aplikasyon ki ka li nan òdinatè. Malerezman, òdinatè nou yo pa li Kreyòl, kidonk ou ap ***bezwen ranpli vèsyon aplikasyon an nan lang Anglò oswa Panyòl.***

Fòm sa a tradui an Kreyòl pou asiste ou. Men tou, ou ap bezwen antre repons ou pou chak kesyon sou apliksyon ki nan lang Anglè oswa Panyòl. Tanpri sonje pou ou siyen aplikasyon ou ranpli a.

FÈY ENSTRIKSYON SA A PA YON APLIKASYON.

Èske ou menm (oswa moun k ap ede ou ranpli fòm aplikasyon an) genyen Medicare ak *Supplemental Security Income* (SSI) (Revni Sekirite Siplemantè) oswa Medicare ak Medicaid oswa èske eta kote ou ap viv la peye pou prim Medicare ou?

Si repons lan se **WI**, **pa ranpli fòm aplikasyon sa a paske ou ap resevwa èd siplemantè a otomatikman.** Ou ap resevwa yon lòt lèt konsènan fason ou pra l resevwa èd siplemantè a. Si repons lan se NON oswa ou PA SÈTEN, tanpri ranpli fòm aplikasyon sa a. Tanpri li enstriksyon ak gid sa yo anvan ou ranpli fòm aplikasyon sa a. Reponn tout kesyon yo sòf si gen endikasyon kontrè.

Kouman Pou Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a

- Itilize **LANK NWA** oswa yon **kreyon #2**;
- Ekri chif yo, lèt yo ak X yo andedan kaz yo;
- Pa itilize siy dola lè ou ap antre kantite lajan. Siy dola a deja enprime; epi
- Santim yo ka awondi pou rive nan dola antye ki pi pre a.

★ EGZANP

Mete yon X nan kaz la. PA ranpli kaz yo oswa pa fè ti kwa andedan yo.

☒ KÒRÈK ☑ PAKÒRÈK

Si ou ap Ede Yon Lòt Moun Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a

Reponn kesyon yo tankou si se moun nan ki t ap ranpli fòm aplikasyon an. Ou dwe konnen nimewo sekirite sosyal ak enfòmasyon finansyè moun nan. Epitou, ranpli Seksyon B ki nan paj 6 la.

Kouman pou Ranpli Fòm Aplikasyon Ou

Ou ka ranpli fòm aplikasyon an sou Entènnèt nan **www.socialsecurity.gov** oswa itilize anvlòp ou jwenn nan ki deja gen adrès ak tenb lan epi retounen aplikasyon a lè finn ranpli epi siyen nan:

Social Security Administration
Wilkes-Barre Data Operations Center
P.O. Box 1020
Wilkes-Barre, PA 18767-9910

Retounen tout pake a nan anvlòp ou jwenn nan. Pa ajoute okenn atachman. Si nou bezwen plis enfòmasyon, tankou rapò enstitisyon finansyè, n ap kontakte ou.

Si ou Gen Kesyon Oswa Si ou Bezwen Èd Pou ou Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a

Ou ka rele nou nan nimewo gratis **1-800-772-1213**, oswa si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

PA RANPLI PATI SA A. SA A SE PA YON APLIKASYON.

Aplikasyon pou Èd nan Medicare Pri Plan pou Medikaman Preskripsyon

SA A PA ENSKRI ou NAN PWOGRAM MEDICARE POU MEDIKAMAN PRESKRIPSYON.

1. Non Moun ki Aplike a (Ekri chak lèt an majiskil nan yon kaz apa.)

PRENON **DN**

NON **SIFIKS (Jr., Sr., elatriye)**

★ *EGZANP:*
Itilize lèt majiskil lè **A|B|C|D** ou ap reponn kesyon yo

Nimewo Sekirite Sosyal Moun ki Aplike a

★ *EGZANP NIMEWO SEKIRITE SOSYAL*

2. Si ou se yon selibatè, divòse, yon vèf/vèv oswa madanm/mari ou p ap viv avèk ou, sote kesyon 3. Si ou marye epi ou ap viv avèk mari/madan m ou, tanpri mete sa nan youn nan kaz anba yo pou endike ki moun ki aplike:

Sèlman ou menm ki aplike.

Ou menm ak madanm/mari ou gen Medicare epi nou toulède aplike sou fòm aplikasyon sa a.

Menm si madanm/mari ou pa aplike, nou bezwen repons pou tout kesyon yo ak siyati nou toulède si n ap viv ansanm.

Non Madanm/Mari (si ou marye epi nap viv ansanm)

PRENON **DN**

NON **SIFIKS (Jr., Sr., elatriye)**

Nimewo Sekirite Sosyal Madanm/Mari an

3 Si ou se yon selibatè, yon vèf/vèv oswa madanm/mari ou p ap viv avèk ou, èske epay ou, envestisman ou ak byen imobilye ou (sa ki pa kay ou) vo plis pase $11,500? Si ou marye epi n ap viv ansanm, èske yo vo plis pase $23,000? (Limit sa yo ap pi wo apre 2006.) Ajoute tout sa ou posede poukont ou, sa ou posede avèk madanm/mari ou oswa sa ou posede avèk yon lòt moun. **Pa mete kay ou, oto ou, konsesyon antèman ou oswa byen pèsonèl ou.**

WI **NON** **PA SÈTEN**

Si ou tcheke kaz ☒ **WI** a, ou pa elijib pou resevwa èd siplemantè epi ou pa bezwen ranpli rès aplikasyon sa a. Ou ka toujou elijib nan biwo Medicaid eta kote ou ap viv la. Men tou, si ou vle yon dezisyon, tcheke kaz ☒ **PA SÈTEN** a. Si ou tcheke swa ☒ **NON** oswa ☒ **PA SÈTEN** ranpli rès aplikasyon sa a.

4. Tanpri antre kantite lajan kont labank, envestisman oswa lajan kach ou menm oswa madanm/mari ou (si ou marye epi n ap viv ansanm) oswa sa nou toulède posede nan kaz ki annapre yo. Ajoute atik ou posede swa poukont ou swa avèk yon lòt moun. (Ajoute sèlman kantite dola yo, pa nimewo kont lan.) Si ou menm oswa madanm/mari ou (si ou marye epi n ap viv ansanm) pa posede yon atik ki endike nan lis la, swa apa, ansanm, oswa avèk yon lòt moun, tcheke kaz ☒ **ANYEN** nan.

• Kont labank (kont courant, kontdepay ak sètifika depo)	☐ **NYEN**	$ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐
• Aksyon, obligasyon, bon kès, fon komen plasman, Retrèt Endividyèl Kont oswa lòt envestisman sanblab	☐ **NYEN**	$ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐
• Nenpòt lajan kach nan kay oswa nenpòt lòt kote	☐ **NYEN**	$ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐

5. Èske ou menm (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm) gen kontra asirans-vi ki gen yon valè nominal $1,500 oswa plis? Reponn pou ou menm ak pou madanm/mari ou si madanm/mari ou ap viv avèk ou. Si ou reponn NON pou ou ak madanm/mari ou, ale nan kesyon 6.

OU MENM: ☐ **WI** ☐ **NON**

MADANM/MARI OU (si n ap viv ansanm): ☐ **WI** ☐ **NON**

Si repons pou ou menm oswa madanm/mari ou se **WI**, ki kantite lajan ou ta resevwa si ou itilize nan kontra asirans ou yo pou jwenn lajan kach kounye a? (Sa a se pa yon valè nominal kontra ou yo. Ou ka bezwen rele konpayi asirans ou pou ede reponn kesyon sa a.) Antre kantite lajan an.

$ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐

6. Èske ou prevwa pou ou sèvi avèk lajan ou gen nan nenpòt sous ki endike nan kesyon 4 oswa 5 pou peye pou antèman oswa pou ou fè depans antèman pou ou menm (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm)?

OU MENM: ☐ **WI** ☐ **NON**

MADANM/MARI OU (si n ap viv ansanm): ☐ **WI** ☐ **NON**

7. Apa kay ou ak lòt pwopriyete kote kay la ye, èske ou menm (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm) posede nenpòt byen imobilye?

☐ **WI** ☐ **NON**

8. Sitiyasyon lavi ou ka afekte kantite lajan èd ou ka resevwa. Men, nou bezwen konnen fason anpil manm fanmi k ap viv avèk ou (ak madanm/mari ou, si ou amrye epi n ap viv ansanm) depann de ou oswa madanm/mari ou pou bay omwen mwatye nan sipò finansye yo. Manm fanmi ka gen landan nenpòt moun ki gen relasyon nan san, relasyon maryaj oswa adopsyon.

Konbyen manm fanmi k ap viv avèk ou ak madanm/mari ou ki depann de ou oswa madanm/mari ou pou bay omwen mwatye nan sipò finansye yo? **Pa mete non ou oswa madanm/mari ou nan kantite sa a.** (Mete yon ☒ nan yon sèl kaz.)

■	■	■	■	■	■	■	■	■	■
OKENN	**1**	**2**	**3**	**4**	**5**	**6**	**7**	**8**	**9 oswa plis**

9. Si ou menm (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm) resevwa revni nan nenpòt sous ki endike annapre yo, tanpri antre **revni total pa mwa**. **Si kantite lajan chanje chak mwa, antre mwayèn revni pa mwa pou ane pase pou chak kalite** nan kaz ki apwopriye yo. Pa endike salè ak travay endepandan, revni sou enterè, asistans piblik, ranbousman medikal oswa peman pou swen nan mezon plasman la a. Si ou menm oswa madanm/mari ou pa resevwa revni nan nenpòt souski endike annapre yo, mete yon ☒ nan kaz **ANYEN**.

• Sekirite Sosyal	N ap itilize kantite a nan dosye nou yo.	
• Retrèt Ray Tren	■ **NYEN**	$ ■■ , ■■■ . ■■
• Veteran	■ **NYEN**	$ ■■ , ■■■ . ■■
• Lòt pansyon oswa anwite (Pa mete lajan ou resevwa nan nenpòt atik ou mete nan kesyon 4.)	■ **NYEN**	$ ■■ , ■■■ . ■■
• Lòt revni ki pa nan lis anwo a, avèk tou pansyon alimantè, revni kay ou lwe, konpansasyon travayè (Endike):_____ _____	■ **NYEN**	$ ■■ , ■■■ . ■■

10. Èske nenpòt kantite lajan ou mete nan kesyon 9 la diminye pandan de (2) dènye ane yo?

■ **WI** ■ **NON**

11. Èske nenpòt moun ofri ou peman oswa ede ou (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm) pou nenpòt nan depans pou kay ki annapre yo – manje, prè ipotekè, lwaye, konbistib oswa gaz chofaj, elektrisite, dlo ak enpo fonsye (taks kay)? (Pa mete koupon pou manje, reparasyon kay, èd nan biwo lojman, yon pwogram asistans, Manje Yo Pote Nan Kay, oswa èd pou tretman medikal ak medikaman.)

■ **WI** ■ **NON**

Si ou tcheke kaz ☒ **WI**, antre kantite lajan pa mwa, oswa si kantite lajan chanje chak mwa, antre mwayèn kantite pa mwa pou ane pase. $ ■■ , ■■■ . ■■

- **Si ou selibatè, divòse, separe oswa yon vèf/vèv epi ou pa travay nan dènye de (2) ane yo, sote kesyon 12 – 16 epi ale nan paj 6.**
- **Si ou marye epi ou ap viv ansanm avèk madanm/mari ou epi ni ou ni li pa t travay nan dènye de (2) ane yo, sote kesyon 12 – 16 epi ale nan paj 6.**

12. Kisa ou prevwa touche an salè anvan taks **ane sa a**?

OU MENM: ☐ **NYEN** $ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐

MADANM/MARI OU (si n ap viv ansanm): ☐ **NYEN** $ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐

13. Si ou se yon travayè endepandan, ki salè oswa pèt nè ou prevwa **ane sa a**?

OU MENM: ☐ **NYEN** $ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐

MADANM/MARI OU (si n ap viv ansanm): ☐ **NYEN** $ ☐☐ , ☐☐☐ . ☐☐

Mete yon ☒ la a si ou menm oswa madanm/mari ou prevwa yon pèt nè.

OU MENM: ☐ **MADANM/MARI OU (si n ap viv ansanm):** ☐

14. Èske kantite lajan ou mete nan kesyon 12 oswa 13 la te diminye nan de (2) dènye ane yo?

☐ **WI** ☐ **NON**

15. Si ou menm (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm) sispann travay dènyèman oswa ap planifye pou nou sispann travay, antre mwa ak ane a.

★ *EGZANP :*

Pou Janvye – Sektanm mete yon zewo (0) nan premye kaz la. Me 2006 ta dwe li: 0 5 - 2 0 0 6 (MM AAAA)

OU MENM: ☐☐ (MM) 2 0 ☐☐ (AAAA)

MADANM/MARI: ☐☐ (MM) 2 0 ☐☐ (AAAA)

(si n ap viv ansanm)

- **Si ou selibatè, divòse, separe oswa yon vèf/vèv epi ou gen 65 ane oswa plis, sote kesyon 16 la epi ale nan paj 6.**
- **Si ou marye epi ou ap viv ansanm avèk madanm/mari ou epi ou menm oswa madanm/mari ou gen 65 ane oswa plis, sote kesyon 16 la epi ale nan paj 6.**

16. Èske ou menm (oswa madanm/mari ou, si ou marye epi n ap viv ansanm) gen pou peye pou atik ki pèmèt travay? N ap konte sèlman yon pati nan salè ou sou limit revni an si ou ap travay epi ou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ki baze sou yon enfimite oswa sesite (ou avèg) epi ou fè depans ki asosye ak yo, epi ou pa resevwa ranbousman. Men egzanp depans sa yo: depans pou tretman medikal ak depans pou medikaman pou maladi SIDA, kansè, depresyon, oswa epilepsi; yon chèz woulant; sèvis gadyen pèsonèl; chanjman oto asistans chofè oswa lòt bezwen espesyal transpò ki asosye avèk travay; teknoloji asistans ki asosye avèk travay; depans pou chen gid; èd pou sans ak vizyon; ak tradiskyon an lèt Bray.

OU MENM: ☐ **WI** ☐ **NON** **MADANM/MARI OU (si n ap viv ansanm):** ☐ **WI** ☐ **NON**

PA RANPLI PATI SA. SA A SE PA YON APLIKASYON.

Siyati

Mwen/Nou rekonèt depi mwen/nou soumèt aplikasyon sa a, mwen/nou deklare anba sanksyon pou fo temwayaj mwen/nou egzamine tout enfòmasyon ki sou fòm sa a epi yo vrè ak kòrèk selon tout sa mwen/nou konnen. Mwen/nou rekonèt nenpòt moun ki bay yon fo deklarasyon oswa manti konsènan yon zafè enpòtan nan enfòmasyon sa a, oswa ki lakòz yon lòt moun fè sa, moun sa a komèt yon krim epi li ka ale nan prizon oswa li ka anfas sanksyon, oswa toulède. Mwen/Nou rekonèt Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ap verifye deklarasyon mwen/nou yo pou li konpare dosye li yo avèk dosye biwo gouvènman federal, gouvènman leta ak gouvènman lokal, avèk tou *Internal Revenue Service* pou asire ke desizyon an kòrèk. Depiou soumèt aplikasyon sa a, mwen/nou otorize SSA jwenn epi divilge enfòmasyon ki asosye avèk revni, resous ak byen lokal ak nan peyi etranje mwen/nou genyen, ki annakò avèk lwa sou vi prive ki anvigè. Enfòmasyon sa yo ka genyen, men pa sèlman, enfòmasyon sou salè, balans kont, evestisman, kontra asirans, benefis ak pansyon mwen/nou. **Tanpri ranpli Seksyon A. Siou pa ka siyen, yon reprezantan ka siyen pou ou. Si se yon moun ki edeou, ranpli Seksyon B a tou.**

SEKSYON A

Siyati Ou:	Siyati Madanm/Mari Ou:	Nimewo Telefòn: (____) _____ - _____
Adrès Kay Ou:		Apt. #:
Vil:	Eta:	Kòd Postal:
Adrès Postal Ou (Si li diferan avèk adrès kay ou) :		Apt. #:
Vil:	Eta:	Kòd Postal:

Si ou fèk chanje adrès ou, mete yon ☒ la a: ■

Si ou pi pito nou kontakte yon lòt moun si nou gen lòt kesyon, tanpri ban nou non moun nan ak yon nimewo telefòn pou nou jwenn li lajounen.

Prenon an Majiskil:	Non an Majiskil:	Nimewo Telefòn: (____) _____ - _____

SEKSYON B

Si ou ap ede yon moun, tanpri mete yon ☒ nan kaz ki dekri ki moun ou ye epi mete nimewo telefòn pou nou jwenn ou lajounen ak adrès ou.

■ Manm Fanmi ■ Avoka ■ Lòt Avoka ■ Lòt Endike:_____ _____

■ Zanmi ■ Biwo ■ Travayè Sosyal

Prenon an Majiskil:	Non an Majiskil:	Nimewo Telefòn: (____) _____ - _____
Adrès:		Apt. #:
Vil:	Eta:	Kòd Postal

Lwa sou Vi Prive / Notifikasyon Diminisyon Dokiman

Seksyon 1860 D-14 *Social Security Act* (Lwa Sekirite Sosyal) otorize ranmasaj enfòmasyon ki mande sou fòm sa a. Enfòmasyon ou bay yo ap sèvi pou pèmèt Administrasyon Sekirite Sosyal detèmine si ou elijib pou èd ki peye patisipasyon ou nan plan Medicare pou Medikaman Preskripsyon. Ou pa gen obligasyon pou ban nou enfòmasyon nou mande yo. Men, si ou pa bay enfòmasyon yo, nou p ap anmezi pou pran yon desizyon kòrèk nan bon moman sou aplikasyon ou an. Nou ka pataje enfòmasyon ki nan fòm sa a avèk lòt biwo gouvènman federal, leta oswa lokal pou ede nou detèmine elijiblite ou pou resevwa èd siplemantè oswa si lalwa federal mande pou nou divilge enfòmasyon yo.

Nou ka itilize enfòmasyon ou ban nou yo tou lè n ap koresponn dosye yo nan òdinatè. Pwogram pou koresponn dosye yo konpare dosye nou yo avèk pa lòt biwo gouvènman federal, gouvènman leta oswa gouvènman lokal. Anpil biwo ka itilize pwogram pou koresponn dosye pou jwenn oswa pwouve yon moun ranpli kondisyon pou benefis gouvènman federal la peye. Lalwa pèmèt nou fè sa menm si ou pa dakò. Gen esplikasyon ki disponib nan biwo Sekirite Sosyal yo konsènan rezon sa yo ak lòt rezon ki fè enfòmasyon ou ba nou yo ka itilize oswa divilge. Si ou vle aprann plis sou sa, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Deklarasyon Lwa sou Diminisyon Dokiman – Ranmasaj enfòmasyon sa yo satisfè kondisyon 44 U.S.C. § 3507, selon amannman nan seksyon 2 *Paperwork Reduction Act of 1995* (Lwa 1995 Diminisyon Dokiman). Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo sòf si nou afiche yon nimewo kontwòl Biwo Kontwòl ak Bidjè. Nou estime sa ap pran apeprè 35 minit pou li enstriksyon yo, ranmase enfòmasyon yo epi reponn kesyon yo. Ou ka voye kòmantè sou estimasyon tan an anba a bay: Social Security Administration, 1338 Annex Building, Baltimore, MD 21235-6401. **Voye sèlman kòmantè ki asosye avèk estimasyon tan nou nan adrès sa a, men pa fòm ou ranpli a.**

VOYE FÒM OU RANPLI A BAN NOU NAN ADRÈS KI MAKE SOU ANVLÒP KI TOU GEN ADRÈS LA:

Social Security Administration
Wilkes-Barre Data Operations Center
P.O. Box 1020
Wilkes-Barre, PA 18767-9910